ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

# “ER SHORA” DÁSTANÍNDA METAFORALARDÍŃ QOLLANÍLÍWÍ

***Asetullaeva Gúldana*** *–QMU, lingvistika (qaraqalpaq tili) qánigeligi 1-kurs magistrantı*

Házirgi qaraqalpaq tilinde sóz mánisi belgili bir semantikalıq usıllar tiykarında ámelge asadı. Mine usınday semantikalıq usıllardıń biri metaforizaciya usılı. Yaǵnıy uqsaslıq arqalı sóz mánisiniń awısıwınan ibarat. Bul usıl arqalı sóz mánisi awısqanda anaw ya mınaw zat yamasa qubılıstıń ataması arqalı óz ara túri, forması, háreketi hám t. b. belgilerdiń usaslıqlarına qaray ekinshi bir zat ya qubılıs ataladı. Qaraqalpaq tilindegi metaforalardı úsh topарǵa:

1.Uluwma xalıq tilindegi metaforalar;

2.Uluwma xalıq tilinde qollanılatuǵın, biraq obrazlılıq sıpatqa iye metaforalar;

3.Uluwma xalıq tilinde tanımalılıqqa iye emes metaforalar [1:18] dep bólgen.

Ilimiy ádebiyatlarda metafora haqqında hár qıylı kózqaraslar bar. Máselen, J. Lakoff hám M. Jonsonnıń atap ótiwinshe, “metafora tek ǵana til qubılısı emes, al insanıy túsiniklerdi qáliplestiriwdiń tiykarǵı mexanizmi bolıp esaplanadı” [2] Ózbek til biliminde bolsa metaforanıń xalıq awızeki dóretiwshiligindegi ornı N. Mahmudov [3], Sh. Rahmanov [4] sıyaqlı alımlar tárepinen izertlengen. Qaraqalpaq til biliminde bolsa A.Dosımbetova [5], E.Allanazrov [6], G.Ótepbergenova [7], miynetlerinde sóz mánisiniń metaforalıq awısıw usıllarına ayrıqsha dıqqat bólgen. Folklorlıq shıǵarmalarda metafora tómendegi wazıypalardı atqaradı:

• Dúnyaqarastı bayanlaw - Metaforalar arqalı xalıqtıń tábiyatı, insan hám kosmos haqqındaǵı túsinikleri sáwlelenedi.

• Emocional tásir etiw - kórkem obrazlar tıńlawshı yaki oqıwshınıń sezimine tásir etedi.

• Máni tereńligin arttırıw - metaforalar shıǵarmanıń semantikalıq qatlamın bayıtadı.

Biz bul maqalamızda folklorlıq shıǵarma “Er Shora” dástanı tilinde ushırasatuǵın metaforalarǵa toqtap ótemiz.

***Metafora.*** Tábiyat hádiyselerin insan qásiyetleri menen salıstırıw. Rus folkloristi V.YA.Propp [8] bul túrdegi metaforalardı “tábiyattıń insaniylastırılıwı” dep ataǵan. “Er Shora” dástanındaǵı metaforalardı tómendegi mısallarda kórip shıǵamız: ***Qaysı baǵdıń gúliseń? Qay shámenniń búlbiliseń?*** [9:123]. Bul mısalda tábiyat obrazları arqalı insandı sáwlelendirilgenligi gúzetiledi. Insan qásiyetlerin haywanlar menen bildiriw

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

bolsa:...***Sizler jılqı, biz qulan,*** Qulan tamǵa kire me? [9:123] Mısalda “jılqı” hám “qulan” leksemaları metaforalıq mánide isletilip, olar arasında jáne bir stilistikalıq figura antitezalıq usıldı kóremiz.

-***Hawa jawsın, aydın kóliń hól bolsın,*** Jıldan jılǵa az dáwletiń mol bolsın. Mısalda tábiyat elementleri insan ómiri hám abadanlıǵına kóshirilgen halda qollanǵan. Astında ***arǵımaq qushtan qanatlı,*** Shubar atlı tórem, aytqıl jónińdi [9:127]. Bunda qaharmannıń qúdireti hám háreket tezligi kórkem obrazda súwretlengen. Kórgen qısıwmetimdi, Jábir japamdı, Saǵan bayan eteyin. ***Sawıtqa tutqan qıyaq em,*** Suńqardan qalǵan palapan, ***Yaqshıdan qalǵan tuyaq em,*** Sorama meniń dártimdi,

***Sónbey qalǵan shıraq em, Aǵıp atqan dárya edim,*** Saǵamdı baylap shól ótti, ***Máwjiregen men bir daraq em,*** Shaqamdı shawıp quwrattı, ***Aǵıp atqan salma edim,***

Saǵamdı baylap jol ótti [9:129]. Bul mısallardaǵı metaforalar qaharmannıń ótmishtegi qúdireti hám házirgi jaǵdayı ortasındaǵı qarama-qarsılıqtı ashıp beredi. Tábiyat hám insannıń ómir tájiriybesi haywan, terek hám dárya obrazları arqalı insannıń sociallıq ahwalı, mánawiy erkinligi, ishki qıyınshılıǵı tallanadı. Solay etip, dástanlarda metafora tek sóz gózzallıǵın asırmay, bálkim qaharmanlardıń sezimlerin, tábiyat hádiyselerin oqıwshıǵa jáne de janlı, tásirli hám tereń mánide jetkizedi. Lingvofolkloristika páni tárepinen qaraǵanda dástanda qollanılǵan kórkemlew quralı arqalı dástan tilin túsinemiz. Metafora dástanlardı tákirarlanbas kórkem qural sıpatında ajıralıp turadı hám ol xalıq dóretshiliginiń joqarı mánawiy baylıǵın tereń ashıp beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1.Bekbergenov A. Qaraqalpaq tiliniń stilistikası. Nókis, Qaraqalpaqstan. 1990

2.Lakoff G, Johnson M. Metaphors We Live By. University of Chicago Press. 1980

3.Mahmudov N. Tilshunoslikka kirish. Toshkent:Akademnashr 2010

4.Rahmanov Sh. O‘zbek folklorida obrazli ifodalar. Toshkent:Fan 2005

5.Dosımbetova A. Ádebiyattanıwda kórkemlew quralları. Nókis. “Qaraqalpaqstan” 2012.

6.Allanazarov E. Qaraqalpaq tilinde metaforalardıń stillik qollanılwı.Oqıw qollanba.Ózbekstan 2022

7.Ótepbergenova G.I.Yusupov lirikasında troplardıń kórkemlik xızmeti. Nókis 2024

8.Propp V.Ya. Morfologiya skazki. L.Academia. 1928

9.Qaraqalpaq folklorı.Kóp tomlıq. “Er Shora” dástanı (119-bet) Nókis “Ilim”2010